

Enstriksyon sou preparasyon Koloskopi

Sigmoyidoskopi fleksib/Pouchoskopi/EUS Rektal

Dat ak lè randevou:

Lè randevou a (tanpri vini 1 èdtan an avans):

Eleman ki sou lis kontwòl la:

- Aranje w pou w jwenn yon moun ki pou akonpanye w lakay ou** (si ou genyen entansyon resevwa sedatif/anestezi pandan operasyon an)
 - Yon adilt ki responsab dwe akonpanye w lakay ou
 - Si ou pa genyen yon moun ki pou akonpanye w, yo dwe anile operasyon w lan
- Achte 2 boutèy Fleet enema** (ou pa bezwen preskripsyon pou sa)



- Konsilte Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo**

ENFÒMASYON ENPÒTAN pou jou operasyon ou an

- 1 èdtan avan ou vini nan lopital la, **administre tèt ou Fleet enemas la** (youn a chak fwa), suiv enstriksyon ki sou bwat la oswa sou avi a
- Tanpri rive **1 èdtan anvan** operasyon w lan.
- Si ou genyen entansyon pou w resevwa sedatif/anestezi pou operasyon w lan, **lestomak ou dwe vid nèt**
 - *Pa dwe manje aliman ki siolid pandan omwen 8 èdtan avan randevou ou an*
 - Ou ka kontinye bwè likid ki klè (konsilte lis ki anba a) *jiska 2 èdtan* avan randevou ou an

Anplasman ak enfòmasyon kontak:

Moakley building 2nd floor (Suite 2200)
830 Harrison Avenue
Boston, MA 02118

pou planifikasyon randevou
Andoskopi:
617-414-2600, opsyon 1

pou sant enfimye Andoskopi yo:
617-414-2420

Medsen jeneralis lannuit/wikenn:
617-638-7243

Likid klè ou ka bwè 2 èdtan avan randevou ou an:

Dlo, soda klè, bwason pou spòtif
Ji *san ma*, Jell-O, ice pops

Kafe nwa oswa te *san lèt oswa krèm*
Bouyon klè (san grès oswa lwil)